# Кегейлиде аяқ кийимлер ислеп шығарылмақта

Кегейлиши жас исбилермен Тимур Мамутов районда аяқ кийим ислеп шығарыўды жолға қойды. Бул ҳаққында район ҳәкимлиги мәлимлеме хызмети хабар берди.

Image not found or type unknown

Исбилерменниң айтыўынша, ҳәзирги ўақытта 5 адамды турақлы жумыс пенен тәмийинлеген. Ислеп шығарылып атырған аяқ кийимлерди дәслеп район базарында, кейин ала Шымбай районында сатыўды жобаластырып отыр.

Image not found or type unknown

- Жумысларымызды алдағы ўақытлары кеңейтиў нийетиндемиз. Аяқ кийимлердиң баҳасы ҳәм сапасы халқымыздың кеўлинен шығады деп үмит етемиз, - дейди жас исбилермен Т.Мамутов.

Image not found or type unknown

**Ислам Матеков**